



Konpatriyòt ak Zanmi Ayiti yo Kanada,

Lè a rive, dapre la tradisyon, pou nou fè bilan lane ki fini an epi pou nou prezante meyè ve nan okazyon nouvel ane a.

2020 se te yon lane difisil. Kovid-19 frape lemond nan plen kè. Kèk nan nou te soufri anpil anba pandemia an. Kèk lòt pèdi moun ki chè pou yo. Nou tout te blije revize plan nou te gen pou ane a. Nou aprann viv nan konfinman. Nou aprann obsève distansyasyon, ki ekzije pwafa pou rete lwen moun ki pwòch nou.

Pandan ane 2020 an ap fini, on nouvel vag maladi a paret, ki vin sou yon fòm ki bay anpil kè sote. Se vre gen kèk pwoblèm pou nou rive rezoud nan ane kap vini an, men nou ka di nou satisfè paske nou te bay tout nou menm nan sa nou rive fè yo, e sitou, n ap viv toujou. Nou rive kanmèm akonpli responsabilite pèsonèl nou ak responsabilite nou kòm sitwayen ak sitwayèn, pafwa nan lapèn, men souvan ak anpil kouraj.

Nou vle remèsye an patikilye moun ki ap travay nan domèn lasante yo ki, avèk devouman epi sans sakrifis, rive pran swen epi sove anpil moun pandan pandemi an. Nou felisite tou ajan sèvis piblik yo, sitou diplomat nou yo, ki travay a distans ak ti ekip piti pou pote sèvis nesesè bay konpatriyòt ki nan bezwen yo. Aprè sa nou fin andire pandan dis mwa ki sot pase yo, 2021 dwe on lane renouvo. Nou espere n ap ka rankontre fizikman ankò, n ap ka akeyi youn lòt ak anpil chalèankò, n ap ka vizite kèk kote nou te toujou reve.

Pandan n ap fe nouvo plan epi bay tèt nou nouvo objektif pou ane a, pa bliye mete Ayiti kòm priyorite. 2021 fè 217 lane depi Ayiti endepandan – e nou pap janm sispann repete l – Premye Repiblik Nwa nan mond la. Se a yon lane gran randevou pou peyi a sou plan ekonomik, sosyal ak politik. Sou dènye plan sa, gen 2 gwo randevou ki pral remete Ayiti sou pwojektè laprès entènasyonal – refòm konstitisyon an ak eleksyon yo. Yo ka ofri anpil posibilite pou dyaspora vin patisipe kòm sa dwa nan lavi politik peyi a. Men tou, jodi a li klè pou tout moun, konpetisyon elektoral toujou mache ak chirepit. Nou dwe rete ini, nan lespri deviz nasyonal nou, “Linyon fè lafòs”, malgre diferans nou ka genyen.



2021 ap sitou on lane espwa pou peyi nou ak pou rès mond la nan kay batay kont pandemi an. Nou swete vaksen ki ap sòti a pati travay syantifik yo ap fè depi kèk mwa ap efikas, disponib epi tou l ap aksesib pou moun ki plis nan bezwen yo.

Pou nouvèl ane sa, nou swete tout moun larezone an Ayiti, nan Kanada ak nan rès mond la. Nou swete nou viv an sante, nan lapè, ak lanmou, epi pou nou gen anpil siksè.

Pou fini, kòm premye jou nan ane a, Premye Janvyè 2021, se dat pi bel fèt nasyonal Ayiti, nou pwofite okazyon an pou swete tout Ayisyen ak tout Ayisyen bòn Fèt Lendepandans.

\* **Dr. Weibert Arthus, Anbasadè**

---